



Ki sa ki 49 CFR Pati 383?

Règleman Administrasyon Federal Chofè nan Depatman Transpòtasyon Etazini (U.S. Department of Transportation, USDOT) etabli estanda kalifikasyon minimòm pou moun ki opere (oswa planifye pou opere) machin komèsyal ak etabli dokiman egzijans pou lisans machin Eta a bay chofè komèsyal yo. 49 CFR refere a Kòd Règleman Federal, Tit 49: Sèvis transpò; Pati 383.71 se yon seksyon nan kòd la ki gen ladann règleman ki egzije pou tout moun ki gen lisans pou kondwi komèsyal (CDL) bay enfòmasyon Depatman Veyikil Motè (DMV) konsènan kalite operasyon machin komèsyal yo angaje yo. Moun ki gen CDL yo dwe detèmine nan ki kalite komès yo opere (oswa espere opere nan) epi sètifye bay DMV ke yo opere (oswa atann yo opere) machin komèsyal motè nan youn nan kat kalite chofè sa yo:

- Ant Eta Ki Pa Gen Eksepsyon (NI)
- Ant Eta Ki Gen Eksepsyon (EI)
- Andedan Eta Ki Pa Gen Eksepsyon (NA)
- Andedan Eta Ki Gen Eksepsyon (NA)

Kijan sa afekte moun ki gen CDL nan Eta New York?

Anvan chak nouvo emisyon, modifikasyon, oswa renouvèlman CDL ou oswa pèmi komèsyal pou aprann, w ap oblige sètifye yon sèl kalite chofè a. Si w sètifye nan kalite chofè a NI oswa NA, ou dwe genyen estati medikal sètifye tou. Gouvènman federal la mande pou w fè yon sèten egzamen medikal pou detekte pwoblèm fizik oswa mantal ki ka afekte kapasite w pou w kondwi yon machin komèsyal ak sekirite. Wap jwenn egzijans egzamen yo nan 49 CFR Pati 391.41 ak 391.43 (www.ecfr.gov).

Ou dwe pase egzamen medikal USDOT epi resevwa yon sètifica egzaminatè medikal USDOT pou w gen estati medikal sètifye. Lè w ap sètifye kalite chofè NI oswa NA, ou dwe bay DMV Eta Nouyòk yon kopi sètifica egzaminatè medikal USDOT aktyèl ou ki valab si li pa deja nan dosye a. Ou dwe kontinye bay DMV yon kopi ajou jan sa nesesè pou kenbe enfòmasyon sètifikasyon medikal ki nan dosye DMV ou a ajou epi ki poko ekspire. Moun ki gen CDL ki oblige gen estati medikal sètifye epi ki pa bay DMV yon sètifica egzaminatè medikal USDOT ki ajou e ki valab anvan sa ki nan dosye a ekspire ap pèdi estati medikal sètifye yo epi yo ka pèdi privalèj pou chofè komèsyal yo.

ANVAN OU SÈTIFYE POU YON KALITE CHOFÈ li enpòtan pou konnen ki jan ou kondwi (oswa planifye pou w kondui) yon otomobil komèsyal (CMV). Pou ede w deside, swiv etap sa yo:

Premyèman, detèmine si ou opere (oswa planifye pou opere) yon VMC nan **ANT ETA** oswa **ANDEDAN ETA** komès

Komès ant eta se lè ou kondwi yon CMV:

- Soti nan yon eta ale nan yon lòt eta oswa yon peyi etranje;
- Ant 2 kote nan Eta New York men, pandan yon pati nan vwayaj la, CMV a travèse nan yon lòt eta oswa yon lòt peyi; oswa
- Ant 2 kote nan Eta New York, men kago a fè pati yon vwayaj ki te kòmanse oswa ki pral fini nan yon lòt eta oswa yon lòt peyi etranje.

Komès anndan eta a se lè ou kondwi yon COGS sèlman nan Eta New York epi ou pa satisfè okenn nan deskripsyon ki anwo yo pou komès ant eta a.

Apre ou fin detèmine ke ou opere (oswa espere opere) nan komès **ant eta** oswa komès **andedan eta**, ou dwe detèmine kilès nan kat (4) kalite chofè yo w ap chwazi. Enfòmasyon ki nan paj 2 fòm sa a ap ede w fè sa.

REMAK: Si w pa ranpli kondisyon kalifikasyon yo pou nenpòt nan kalite chofè yo, ou pa gen pèmisyon ankò pou w kondwi machin komèsyal yo epi ou dwe chanje lisans ou an nan yon klas lisans ki pa komèsyal nan yon biwo otomobil.

ANT ETA

NÒT: Si ou opere/atann pou opere nan tou de **Ant eta ki pa gen eksepsyon (NI)** epi **Ant eta ki gen eksepsyon (EI)** ou dwe sètifye kalite chofè **Ant eta ki pa gen eksepsyon (NI)** pou kalifye pou opere nan tou de kalite komès ant eta yo.

CHWAZI ANT ETA KI PA GEN EKSEPSYON SI (NI) SI:

Ou gen 21 an oswa plis epi ou opere (oswa espere opere) yon otomobil komèsyal ant eta a (sof pou operasyon eksepte*).

Si w sètifye NI:

- Y ap ba w yon CDL san yon A3 (Eksepsyon Sètifikasi Medikal) oswa restriksyon K (Sèlman CDL Ant Eta).

Chofè ki sètifye nan NI dwe gen yon estati medikal sètifye epi yo DWE bay DMV yon Sètifikasi Egzaminatè Medikal USDOT aktyèl si li pa nan dosye kounye a. Operasyon machin komèsyal yo otorize atravè limit eta yo.

Chofè Hazmat (Apwobasyon H) ak Chofè Hazmat/Tank (Apwobasyon X) dwe chwazi swa kalite chofè NI oswa NA. Gade Manyèl Materyèl Danjere (CDL-11) pou plis enfòmasyon sou kondisyon lisans pou chofè Hazmat.

CHWAZI ANT ETA KI GEN EKSEPSYON (EI) SÈLMAN SI:

Ou gen 18 an oswa plis epi ou opere (oswa espere opere) yon otomobil komèsyal ant eta a nan Operasyon Eksepte* SÈLMAN.

Si w sètifye pou EI:

- Y ap ba w yon CDL ak yon restriksyon A3 (Eksepsyon Sètifikasi Medikal) ki limite kondui komèsyal ou a sèlman nan operasyon eksepte*.

Chofè ki sètifye nan EI yo egzante de egzijans estati medikal sètifye la epi yo PA oblige bay DMV yon Sètifikasi Egzaminatè Medikal USDOT. Operasyon machin komèsyal motè yo otorize atravè limit eta a pou operasyon eksepte* sèlman.

NÒT: Si ou te jwenn CDL NYS ou anvan 9/9/1999 epi ou pa opere oswa ou espere opere nan nenpòt lòt operasyon eksepte, ou pa kapab sètifye pou EI. Si w ap chwazi Operasyon Eksepte, ou dwe sètifye pou EA.

ANDEDAN ETA

CHWAZI ANDEDAN ETA KI PA GEN EKSEPSYON (NA) SÈLMAN SI:

Ou gen laj 18 an oswa plis epi w ap opere (oswa ou espere opere) yon machin komèsyal nan Eta New York SÈLMAN (sof pou operasyon eksepte*).

Si w sètifye NA:

- Y ap ba w yon CDL ak yon restriksyon K (CDL Ant eta sèlman). Sa ap limite kondwi komèsyal ou nan Eta New York sèlman.

Chofè ki sètifye nan NA yo dwe gen yon estati medikal sètifye epi yo DWE bay DMV yon Sètifikasi Egzaminatè Medikal USDOT aktyèl si li pa dejà nan dosye. Opsyone machin komèsyal motè yo PA otorize atravè limit eta yo.

Chofè Hazmat (Apwobasyon H) ak Hazmat/Tank (Apwobasyon X) dwe chwazi swa kalite kondwi NI oswa NA. Gade Manyèl Materyèl Danjere (CDL-11) pou plis enfòmasyon sou kondisyon lisans pou chofè Hazmat.

CHWAZI EKSEPSYON ANDEDAN ETA (EA) SI:

Ou gen laj 18 an oswa plis epi w ap opere (oswa w ap atann pou w opere) yon veyikil motè komèsyal pou Operasyon Eksepte* SÈLMAN epi nan Eta New York SÈLMAN.

Si w sètifye nan EA:

- Y ap ba w yon CDL ki gen yon restriksyon A3 ak yon K (Eksepsyon Sètifikasi Medikal ak CDL Ant eta Sèlman) ki limite operasyon veyikil komèsyal ou a nan operasyon eksepsyon* sèlman epi nan Eta New York sèlman.

Chofè ki sètifye nan EA yo egzante de egzijans estati medikal sètifye a epi yo PA oblige bay DMV yon Sètifikasi Egzaminatè Medikal USDOT. Opsyone machin komèsyal motè yo PA otorize atravè limit eta yo.

***Operasyon eksepte** - Operasyon Federal oswa Eta eksepte jan sa defini nan Règleman Federal Sekirite Transpòtè 49 CFR 390.3(f) & 391.2 ak Règleman Sekirite Transpòtè Eta New York NYCRR Part 820. Operasyon eksepte yo enkli, men se pa sa sèlman: Transpò timoun lekòl soti lakay yo ale lekòl ak nan lekòl ale lakay yo (Fonksyon Lekòl); Anplwaye Gouvènman Federal, Eta oswa Lokal (Operasyon Minisipal), ak chofè ki te jwenn Lisans Komèsyal nan Eta New York anvan 9/9/1999 ki opere komèsyal nan Eta New York SÈLMAN (chofè sa yo dwe sètifye pou EA). Pou jwenn yon lis konplè sou aktivite Federal ak Eta a eksepte, tanpri vizite www.FMCSA.dot.gov (Federal), ak www.dot.ny.gov (Eta).